



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 janvyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA-DIJANS PANDAN TANPÈT NÈJ LA AP FRAPE ETA NEW YORK

Tanpèt move tan separe konbine pou afekte tout kwen nan Eta a; fèm ti wout yo afekte Interstate 84, Interstate 87, ak Expressway Long Island

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare jodia yon eta dijans nan tout eta kòm gwo tanpèt la te deja kòmanse vini avèk gwo nèj, tanperati anba nivo zero ak gwo van nan tout Eta New York. Yon eta-dijans ap mobilize resous pou gouvènman lokal yo ki otreman gen restriksyon pou eta a itilize sèlman, epi li pèmèt Gouvènè a sispann lwa ak règleman ki ta anpeche repons rapid.

Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pa vwayaje epi pou yo rete andedan lakay yo jiskaske pati grav tanpèt la fin pase.

“Pandan tanpèt nèj la ap vanse, pou pote gwo nèj ak van fò nan anpil kote nan eta a, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon, pou yo evite vwayaje, epi pou yo rete andedan lakay yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pou asire yon repons efikas ak rapid pou tanpèt nèj sa a, mwen deklare yon eta-dijans nan tout eta a, yon fason pou resous yo kapab rive nan kominote kote yo nesèsè san pèdi tan.”

Klike [la](#) pou wè yon kopi Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Klike [la](#) pou tande son odyo nan konferans pa telefòn Gouvènè a te bay osijè dènve enfòmasyon sou tanpèt la.

Men kèk etap ou ta dwe pran pou asire preparasyon:

Wout ak Pon yo

Aksyon ki annaprè yo pral pèmèt operasyon retire nèj sou wout enpòtan yo pou kontinye lannwit pandan y ap asire sekirite chofè yo:

- Sikilasyon machin ap entèdi sou wout ki annaprè yo kòmanse a minwi aswè a ak yon re-ouvèti ki prevwa a 5 a.m. depannde kondisyon metewolojik yo: Interstate 84 ant liy eta Pennsylvania pou rive a liy eta Connecticut; Interstate 87 apati exit 24 nan Albany pou rive nan fwontyè vil

Haitian Creole

New York ak Expressway Long Island nan Nassau ak nan konte Suffolk yo. Entèdiksyon an ap aplike avèk yon konbinezon fèmte antre yo ak kontwòl lapolis. Moun ki vyole entèdiksyon an ap sijè a yon enfraksyon klas B.

- Interstate 84 ant liy eta Pennsylvania ak liy eta Connecticut ap fèmten pou sikilasyon kamyon komèsyal akòz kondisyon sezon freda a ap kòmanse a 5 pm. Tout veyikil komèsyal yo, ansanm avèk gwo kamyon yo (ki peze plis pase 26.000 liv GCWR/GVWR), traktè, traktè-trelè ak otobis p ap jwenn pèmisyon sou twonson wout ki gen distans 70 kilomèt nan otowout la. Interstate 84 ap fèmten pou tout sikilasyon kòmanse a minwi. Entèdiksyon an ap rete anvigè jouk lè gen lòt avi.
- Chofè k ap itilize pon yo ta dwe kite tan siplemantè pou vwayaj la, epi yo ta dwe opere avèk vitès redwi akòz wout la ki mouye. Pandan tanpèt la ap vin pi fò, gwo van ak kondisyon vwal blan ka lakòz fèmte pon oswa ranp yo detanzantan. Sèten veyikil, tankou motosiklèt, traktè-trelè, ti kamyonèt, minibis, kamyon ki gen dèyè yo louvri, trelè k ap rale machin, kay sou woulèt, ak machin k ap pote plak an vè, ka jwenn entèdiksyon pou yon ti tan pou yo itilize pasaj yo akòz gwo van ak wout mouye yo.
- Yon vitès limt 35 milalè ap anvigè sou pon Tappan Zee.
- Gen apeprè 470,000 tòn sèl ki disponib toupatou nan eta a pou trete wout yo davans lè presipitasyon an kòmanse.
- Tout biwo santral Antretyen Otowout ak Depatman Transpò (NYSDOT) ap gen anplwaye k ap travay san pran souf pandan tout peryòd tanpèt la.
- Kontraktè k ap bati Nouvo Pon New York Tappan Zee Constructors, LLC (TZC) ap sispann tout travay konstriksyon yo nan vandredi akòz de tanpèt k ap vini an. TZC aktyèlman sekirize tout bato ki sou sit pwojè a. Ranp Cran ak lòt ekipman yo te mare, yo te byen veriye ak pozisyon pou evite danje potansyèl. TZC ap kenbe yon ti ekip sou plas pandan lannwit pou kontinye kontwole kondisyon yo ak reponn touswit si gen nenpòt pwoblèm.

Depatman Transpò Eta New York gen chari ki disponib toupatou nan eta a pou retire nèj yo epi pou trete wout yo avèk sèl epi y ap voye lòt chari pou ede avèk operasyon nèj la nan Long Island. Ekip NYSDOT ap deyò anvan pre-tretman wout yo avèk sèl akòz tanpèt la pou ede ralanti akimilasyon glas ak nèj. Answit, NYSDOT gen antreprenè prive ki annatant avèk ekipman siplemantè ak pèsònèl pou yo deplwaye si li nesesè.

Transpò Piblik

- Tren yo pral estasyon sou ray ekspres anba tè a pou kenbe yo ansekirite nan move tan, sa ki ka redwi kèk sèvis ekspres nan metro yo.
- MTA fè pasaje yo konnen tanpèt la ka lakòz sispann kèk pòsyon nan operasyon tren metro, otobis ak navèt tren rejyon an, nan fason pou pwoteje kliyan ak anplwaye yo. Kliyan yo ta dwe evite vwayaj ki pa enpòtan epi yo ta dwe tcheke eta sèvis yo nan mta.info oswa rele 511 anvan yo kòmanse vwayaje.
- MTA prepare ak deplwaye flòt ekipman chas-nèj ak glas pou kenbe ray deyò yo, egijay yo ak

twazyèm ray ki fonksyone avèk kouran an san nèj ak glas. Sistèm metro a gen apeprè 220 kilomèt pis pa deyò, e espas vilnerab deyò yo gen ladan tren A nan Rockaways, tren N, B ak Q nan Brooklyn ak liy 5 nan Bronx.

- Yo te deplwaye preske 500 moun pou simaye sèl ak netwaye nèj ak glas nan eskalye ak platfòm metro yo aswè a, avèk 840 sou sikwi a pandan nwit la
- Yo deplwaye anplwaye yo pou ede kenbe arè otobis yo san glas ak nèj. Yo deplwaye anplwaye ak ekipman yon fason estratejik pou reponn a nenpòt pwoblèm otobis yo ka jwenn sou wout la. Yo bay atansyon espesyal pou wout ki sou mòn ki kapab reprezante pwoblèm. Tout otobis yo ap gen chèn ki enstale apati 7pm aswè a, e otobis ki pi atikile yo ap ranplase avèk otobis estanda, sa ki pi fasil pou manevre nan nèj ak glas.
- Otobis NYCT yo ap genyen 2,900 otobis ki ekipe avèk chèn kawotchou aswè a, ansanm avèk 25 kamyon pou konbat nèj la ak 10 kamyon.
- Pon ak Tinèl MTA yo gen preske 100 machin pou konbat nèj la ak anplwaye ki pare ak plis pase 7,000 tòn sèl pou fonn nèj la ki disponib.
- Metro yo genyen ekipaj sis-de-icers ki la pou fonn glas yo ak fonksyone nan ray tren yo.
- Sistèm ray tren Long Island lan gen 16 laj gwo ekipman pou retire nèj sou ray tren yo, sa ki gen ladan yon gwo kouto a palèt ki konnen tankou “Darth Vader.” Ray tren metro Nò a genyen senk vantilatè pou soufle lè frèt ak twa snow jets – motè jet yo monte sou machin tren yo – pou retire nèj la.
- LIRR ka sispann sèvis pou byen kliyan ak anplwaye yo si akimilasyon nèj la rive ant 10-13 pous. Ekip yo ap sòti an fòs pou netwaye ray yo ak twazyèm ray yo itilize pou bay kouran pou tren elektrik yo.
- LIRR ka fonksyone tou sou orè modifiye nan vandredi depannde kondisyon lannwit la.
- Sal datant LIRR la ap rete ouvè lannwit la e jiska nan fen semèn lan pou bay kliyan yoabri pandan yap rete tann tren yo.
- Gravite yo prevwa pou tanpèt nèj la ap lakòz Metro-Nò chanje orè sèvis li. Lè aswè ap rive, yo ka sispann sèvis tren an, selon kondisyon tan an, pou pa kite tren yo bloke pandan tanpèt la. Nap afiche detay yo nan mta.info epi voye mesaj pa tès, imèl, ak twitter a kliyan MTA yo.
- Pi bon fason pou rete enfòm sou ray tren, metro ak sèvis bis yo se pou enskri nan sèvis alèt pa minit la nan MTA. Enskri nan mymtaalerts.com pou imèl oswa mesaj tèks.
- Plizyè gwo konpayi otobis ap sispann operasyon yo ant Tèminal Otobis Port-Authority a ak pwèn nò Vil New York. Yo ankouraje vwayajè yo fòtman pou kontakte konpayi otobis yo anvan yo ale nan tèminal la aswè a ak demen.
- Sèvis PATH ap fonksyone nòmalman.

Enèji

- Komisyon Sèvis Piblik Eta New York (PSC) te pwolonje lè sant apèl liy asistans li a kòmanse jodia, 2 janvyè jiska 7:30 pm., e l ap kontinye de 7:30 am. a 7:30 pm., vandredi 3 janvyè, ak samedi 4 janvyè de 9:00 am a 5:00 pm., si sa nesèsè pou asiste kliyan yo an preparasyon a tanpèt la ak efò entèvansyon yo. Nimewo liy asistans lan se 1-800-342-3377.

- Anplwaye PSC yo ap kontinye kontwole efò sèvis yo pandan tanpèt la ak pandan peryòd restorasyon an.
- Konpayi elektrik yo prepare pou reponn a entèripsyon nan kouran elektrik la pandan tout evènman an. Antou, gen apeprè 3.800 travayè ki disponib pou reponn a pwoblèm yo nan tout eta. Gen ekip adisyonèl k ap disponib atravè asistans mityèl, si sa nesèsè.

Ayewopò yo

- Kat ayewopò ki nan vil New York yo ap ouvè men konpayi avyon yo ap fonksyone nan yon orè ki redwi anpil, avèk plis plase 412 vòl ki anile nan mitan apremidi a. Ekip yo ap aplike sibstans chimik anti-jèl nan pis aterisaj yo ak wout sikilasyon yo pou kenbe yo san glas. Sizoka kèk vwayajè ta vin bloke, anplwaye ayewopò ap prepare kabann, dra, ak lòt atik debaz pou ede kliyan yo. Tout vwayajè avyon yo ta dwe kontakte liy avyon yo anvan yo deplase pou ale nan ayewopò a

Sekirite Piblik

- Tout veyikil espesyal ki nan flòt Lapolis Eta a tankou ATV, chas-nèj ak kat veyikil kat wou prepare pou itilize pou bay repons pou ijans lan. Yo te teste tout ekipman enèji ak kominikasyon pou ijans yo.
- Twoup Lapolis Eta te afekte nòmalman nan Jesyon Ensidan Sikilasyon, epi twoup Ranfòsman Veyikil Komèsyal yo te re-afekte pou fè aktivite patwouy pandan tanpèt sa a.
- Lapolis Eta a ap bay anplwaye nan nenpòt sant operasyon ijans konte a ki ka aktive pou ede kowòdone repons yo avèk ajans lokal yo.
- Divizyon Homeland Sekirite & Sèvis Ijans yo gen anplwaye nan sant operasyon ijans yo pou kowòdone repons eta ak konte a nan rejyon ki afekte yo.

Sèvis Nasyonal Meteyo te pibliye enfòmasyon ki annaprè a baze sou tanpèt nèj ki konbine a.

- Gen yon avètisman Tanpèt Nèj ki anvigè Jedi a 6:00p.m. jiska Vandredi a 1:00p.m. pou Konte Nassau ak Suffolk: Total akimilasyon nèj yo prevwa kap tonbe a ap ant 6-10 pous. Yo prevwa van fò k ap soufle ant 25 a 35 kilomèt avèk rafal van a 45 kilomèt pa èdtan.
- Gen yon Avètisman Tanpèt nèj ki anvigè apati jedi a 6:00 pm jiska vandredi a 1:00 pm pou Konte Bronx, Kings, New York, Queens, Richmond. Yo prevwa akimilasyon nèj ant 6 ak 8 pous k ap tonbe. Yo prevwa van fò ant 15 a 25 kilomèt pa èdtan avèk rafal van a 35 kilomèt pa èdtan.
- Egalman, gen yon Avètisman pou Tanpèt nèj ki anvigè depi jedi a 4:00 am jiska vandredi a 10:00 am pou Konte Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Ulster ak Westchester. Yo prevwa akimilasyon nèj ant 8 ak 12 pous k ap tonbe. Yo prevwa van fò ant 10 a 25 kilomèt pa èdtan avèk rafal van a 25 kilomèt pa èdtan.
- Yon Avètisman pou Tanpèt nèj ki anvigè aswè a 10:00 pm, jiska vandredi a 10:00 am pou konte ki annaprè yo: Albany, Columbia, Fulton, Greene, Herkimer, Montgomery, Rensselaer, Saratoga,

Schenectady, Schoharie, Warren ak Washington Yo prevwa akimilasyon total nèj k ap toanbe ant 6 ak 12 pous. Yo prevwa van fò ant 10 a 25 kilomèt pa èdtan avèk rafal van a 25 kilomèt pa èdtan.

- Yon avètisman van frèt te pibliye pou jiska 12:00 pm nan dat 3 janvye pou konte Jefferson ak Lewis. Yo prevwa van ki pral soufle ant 10 a 20 kilomèt pa èdtan. Yo prevwa tanperati van frèt ap nan 25 pi ba zero aswè a ak 35 pi ba zero pou jedi swa.

- Yon avètisman tanpèt nèj ap anvigè jiska vandredi a 10:00 am pou konte Oswego. Yo prevwa akimilasyon total nèj k ap toanbe ant 6 ak 12 pous.

- Gen Yon avètisman tanpèt nèj ki anvigè jiska 3 janvye a 10:00 am pou konte ki annaprè yo: Chautauqua, Cattaraugus, Erie, Genesee, Niagara, Orleans ak Wyoming Yo prevwa akimilasyon ant 4 ak 8 pous nèj k ap tonbe.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418